



Pou Piblikasyon Imedya: 27/03/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GRAN OUVÈTI ESTAD CORNERSTONE CFCU

Estad ak sant espòtif \$15 milyon dola se yon rezo ekonomik enpòtan ak yon resous kominotè pou Lockport

Manm ekip gayan Meday dò paralenpik te ede nan desine estad la pou reponn a bezwen atlèt yo ki gen bezwen espesyal

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ouvèti yon nouvo estad 93,500 pye kare an glas. Estad Cornerstone CFCU se yon pwojè \$15 milyon dola ki fèt pou amelyore kalite lavi nan kominote a nan bay jèn moun yo aktivite ki fasilman aksesib, pandan anmenmtan lap pwomote egzèsis fizik ak devlope yon bon espri fizik grasa jwèt ki sipèvize. Estad la se yon jeneratè ekonomik tou, li espere atire plis pase 150,000 moun chak ane pou patinaj piblik, hockey konpetitif, leson patinaj, fèt prive ak fòmasyon pèfòmans. Kliyan sa yo te ka kreye yon demann pou plis pase 4,000 sware pa ane nan otèl nan zòn lan. Gade estad la [isit la](#).

“Ouvèti estad glas la se jis yon lòt egzanp siksè ki ka rive lè nou investi nan chak rejyon apati sòl la,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Pwojè sa ki fini, sou sa Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Lwès New York te rekonèt, pral pote nouvo lavi ekonomik nan kominote Lockport la. Mwen ankouraje nenpòt moun kap chèche pou patine oswa jwe hockey pou tcheke nouvo etablisman sa a epi gade sa li gen pou ofri.”

Etablisman modèn sa nan entèseksyon Chestnut ak Market Street, nan direksyon sid kanal istorik Erie ki travèse sant anba lavil Lockport. Bammel Architects, PC, te fè estad la, ki loje de pis menm gwosè NHL, yon sal kominotè ak etablisman fòmasyon ak espò pou patinè ki gen tout laj. Gen yon epas lokasyon 2,000 pye kare pou yon restoran ansanm avèk espas 630 plas pou espektatè yo, sa ki aktyèlman chofo avèk ekipman refrijerasyon pis la.

“Objektif nou se pou fè Lwès New York vini yon destinasyon hockey” te deklare John Ottaviano, prezidan estad Cornerstone CFCU. “Yo pral santi benefis estad la toupatou nan rejyon an kòm ekip yo pral bezwen akomode nan zòn Amherst ak Niagara Falls lè gen yon tounwa nan vil la. Pwojè sa a se prèy ke nou tout benefisye lè nap travay ansanm.”

Estad la ofri tou opòtinite pou moun yo ki gen reta devlopman ak bezwen espesyal. De manm gayan meday dò Etazini nan ekip sled hockey nan Jwèt Paralenpik 2014, Adam Page ak Paul Schaus, te travay avèk achitèk yo pou afine espesifikasyon ki pi adapte pou moun ki gen dezabilite yo. Yo toulède se rezidan Konte Erie. Page 22, ki te fèt avèk spina bifida, te jwe nan ekip gayan meday dò Etazini sled hockey nan Vancouver nan ane 2010 ansanm avèk nan Sochi ane pase, Larisi. Schaus, 25, se yon ansyen marine ki te pèdi toulède janm li yo rive jis nan jenou pandan eksplozyon yon aparèy eksploziv enprovize nan Afghanistan nan 2009.

Majistra Vil Lockport Anne McCaffrey te deklare, “Te gen plizyè ane depi ke rezidan Lockport yo te wè yon pwojè nan anplè sa nan vil nou an. Estad la se yon pati esansyèl nan redevlopman plan vil la. Nou akeyi plizyè milye vizitè yo, nouvo travay ak biznis te ogmante se te akòz achèyman yon pwojè ki sèvi tout kominote a.”

Estad Cornerstone CFCU se yon konpayi a bi non likratif ki gen finansman federal 501(c)(3). Finansman pou pwojè a te soti apati ipòtèk yon bank ak sibvansyon \$1 milyon dola ki soti nan Konsèy Ekonomik Rejyonal Lwès New York, \$1 milyon ki soti nan fondasyon John R. Oishei, ak yon donasyon \$4 milyon ki soti nan fondasyon Grigg-Lewis. Yo te rebatize yon pòsyon nan Chestnut Street nan pati sid estad la “Grigg-Lewis Way” nan kad seremoni ouvèti jodia.

Senatè Eta Rob Ortte te deklare, “Estad glas la se yon katalizè pou transfòmasyon sou Vil Lockport ak tout rejyon an. Estad patinaj premye klas la sèten pou atire plizyè milye touris pou tounwa ak konpetisyon an, sa ki pral enjekte plizyè dola nan ekonomi an. Kòlèg mwen yo ansanm avèk m te kolabore avèk Cornerstone CFCU, Vil Lockport ak plizyè lòt òganizasyon ki te ede pou fè pwojè sa vini yon reyalyte.”

Manm Asanble Jane Corwin te deklare, “Estad Cornerstone CFCU se sèlman yon pati nan nouvo devlopman ak kwasans ekonomik sou orizon pou Lockport. Nou dwe aplodi anpil moun ak òganizasyon yo pou jefò ansanm avèk angajman yo a kominote nou an, sa ki gen ladan Grigg-Lewis Foundation, Cornerstone Community Federal Credit Union, Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Lwès New York ak anpil lòt ankò. Estad sa pral pote yon benefis ekonomik fòmidad pou biznis lokal ak kominote nou an e map rete

tann pou m travay avèk Gouvènè a, kòlèg mwen yo nan lejislati a, enkli Senatè Rob Ort ak otorite yo nan Vil Lockport enkli Majistra Anne McCaffrey pou kontinye kwasans ak siksè Konte Niagara ak Vil Lockport.”

“Mwen te gen anpil defi nan lavi m, men mwen pat janm gade sa yo. Mwen te sèlman wè sa mwen te ka fè e mwen te swiv chemen sa ki te kondwi m a tout reyalizasyon pozitif yo nan lavi m,” te deklare Adam Page, manm ekip sled hockey Etazini. “Lè lidè yo nan vil Lockport te gen rèv ak vizyon pou bati yon pis anglas ke okenn moun pat panse ki te ka reyalize, lidè sa yo te mete tèt yo ansanm avèk moun ki pozitif ak motive ki te ede nan fè rèv sa vini reyalite. Mwen fyè dèske mwen te travay avèk kalite moun fòmè sa yo.”

Estad la se kay ekip “Lockport Express” Junior “A” ki jwe nan NA3EHL. Lig Amerik di Nò Hockey jere NA3EHL avèk vizyon pou devlope atlèt etidyan yo ki espere jwe nan kolèj.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418